# ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИ ГРАММАТИКАСЫНЫҢ ИЗЕРТЛЕНИЎИ

**Абдалиева С.Б.**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты, Нөкис*

**Аннотация:** Мақалада Орта Азия илимпазларының мийнетлери арқалы қарақалпақ тилиниң грамматикасын үйрениў көзде тутылған.

**Таяныш сөзлер:** илимпаз, Грамматика, илим изертлеў, тил үйрениў, аўдарма жасаў.

**Аннотация:** Мақолада Ўрта Осиё олимларининг меҳнатлари асосида қорақалпоқ тили грамматикасини ўрганиш кўзда тутилган.

**Таянч сўзлар:** олим, грамматика, илим ўрганиш, тил ўрганиш, таржима қилиш.

**Аннотация:** В статье рассматривается изучение грамматики каракалпакского языка на основе труды Средне Азиатских исследователей.

**Ключевые слова:** ученые, грамматика, научное исследования, изучение языка, переводы.

**Summery:** This article deals the learning grammar of Karakalpak languages according to the works of the Asian scientists.

**Key words:** scientist, grammar, scientific research, learning language, translate.

Тил билиминиң грамматика тараўы дегенде дәстүрий түсиник бойынша морфология менен синтаксистиң қосындысы түсиниледи. Соңғы дәўирлерде тил билиминиң раўажланыўы себепли морфология тараўының өзи морфемика, морфология, сөз жасалыў сыяқлы бөлимлерге бөлинип атыр. Синтаксис тараўын да шәртли түрде жай гәп синтаксиси, қоспа гәп синтаксиси ҳәм текст синтаксиси сыяқлы тараўларга бөлип үйрениў дәстүрлери пайда болмақта.

Қарақалпақ тил билиминде сөз жасалыў тараўы морфологиядан бөлинип, ол бойынша мийнетлер жазылып атыр. Деген менен еди. Г.Айназарова 2000-жылы Нөкисте «Қарақалпақ тилиндеги симметриялы еки компонентли фразеологизмлер» деген темада кандидатлық диссертация жумысын табыслы жақлады. Оның бул мәселеге арналған «Двухкомпонентные фразеологизмы симметрической структуры в каракалпакском языке» (Проблемы тюркского языкөзнания. – Алмата, 1985. 69-72 б), «Қырық қыз» дәстанының лексикасында фразеологизмлер ҳәм олардың еки компонентли түрлериниң қолланылыўы ҳаққында» («Әмиўдарья» журналы, 1998. – №1-2. 48-52 б) ҳәм т.б. мақалалары басылып шықты.

Қарақалпақ тилиндеги фразеологиялық сөз дизбеклери бойынша булардан басқа А.Бекбергеновтың «Фразеологиялық сөз дизбеклериндеги санлықлар» (ӨзССРИА ҚБ «Хабаршысы» журналы, 1968. – №3. 71-77 б). Ж.Ешбаевтың

«Фразеологиялық вариантлар-көркем мазмунның тийкарғы суўретлеў қуралларының бири» («Совет Қарақалпақстаны» газетасы, 1978. 9-август), К.Каримовтың «Қарақалпақ тилиндеги жуп фразалық бирликлер ҳәм олардың лексика-семантикалық гейпара өзгешеликлери» («Совет муғаллими» газетасы, 1973. 23-июнь) Бердимуратовтың «Фразеологизмлер-тилимиздиң бай газийнеси» («Совет Қарақалпақстаны» газетасы, 1980. 17-январь) мақалалары жарық көрди.

Бул мийнетлерден көринип турғаныңдай, қарақалпақ тилиндеги фразеологиялық сөз дизбеклери бойынша жазылған илимий мийнетлер оғада аз. Сонлықтан алдағы ўақытлары фразеология мәселелерин изертлеў қарақалпақ тил билими алдында әҳмийетли мәселелердиң бири болып қалмақта.

Тил билиминиң грамматика тараўы дегенде дәстүрий түсиник бойынша морфология менен синтаксистиң қосындысы түсиниледи. Соңғы дәўирлерде тил билиминиң раўажланыўы себепли морфология тараўының өзи морфемика, морфология, сөз жасалыў сыяқлы бөлимлерге бөлинип атыр. Синтаксис тараўын да шәртли түрде жай гәп синтаксиси, қоспа гәп синтаксиси ҳәм текст синтаксиси сыяқлы тараўларға бөлип үйрениў дәстүрлери пайда болмақта.

Қарақалпақ тил билиминде сөз жасалыў тараўы морфологиядан бөлинип, ол бойынша мийнетлер жазылып атыр. Деген менен еле көплеген мийнетлерде қәлиплескен дәстүр бойынша сөз жасалыў мәселелери морфология тараўында қарастырылған. Сонлықтан грамматика тараўының изертлениўи төмендегише еки тараўға бөлип үйрениў мақсетке муўапық болады деп есаплаймыз:

1. Сөз жасалыў ҳәм морфология тараўларының изертлениўи;
2. Синтаксис тараўының изертлениўи.

Қарақалпақ тилиниң грамматикалық қурылысы бойынша ең дәслепки илимий мийнет Н.А.Баскаков тәрепинен жазылды. Онда қарақалпақ тилиниң грамматикалық қурылысы ҳаққында қысқаша мағлыўматлар берилип, оның өзине тән грамматикалық өзгешеликлери анықланған. Илимпаздың бул мийнети қарақалпақ тилиниң грамматикалық қурылысы бойынша илимий жумыслардың жүргизилиўи ушын жол-жоба көрсетиўши мийнет сыпатында оғада үлкен әҳмийетке ийе болды. Н.А.Баскаков 1950- жылы Москвада «Каракалпакский язык (части речи и словообразование)» деген темада докторлық диссертация жақлады. Усы диссертация жумысының тийкарында 1952-жылы «Каракалпакский язык. Фонетика и морфологии, часть первая (части речи и словообразование)» деген мийнетин Москвада китап етип бастырып шығарды. Китаптың үлкен бөлими қарақалпақ тилиндеги сөз шақапларына, олардың жасалыў усылларына арналған. Қарақалпақ тилиниң лексикасын семантикалық-формаллық белгилери бойынша мәнили ҳәм

мәниссиз ямаса көмекши сөз шақаплары деп бөлген. Мәнили сөз шақапларын атаўышлар ҳәм фейиллер деп, ал мәниге ийе емес сөз шақапларын көмекши сөзлер деп бөлип қарайды. Олардың ҳәр бири кең ҳәм ҳәр тәреплеме үйренилген. Оның қарақалпақ тилиниң морфологиясына арналған «Залоги в каракалпакском языке», (Ташкент, 1951. 32 б), «Личные и лично-притежательные местоимения в каракалпакском языке», (в кн. «Тюркологический сборник». – М.,Л, 1951. 55-67 б), «Составные глаголы в каракалпакском языке», («Вопросы изучения языков народов Средней Азии и Казахстана». – Ташкент, 1952. 89-92 б) мийнетлери де бар. Бул мийнетлер автордың 1995-жылы Нөкисте басылып шыққан «Каракалпакский язык. Ж. Морфология (словоизменение), синтаксис (словосочетание и предложение)» деген китабында берилди.

Сондай-ақ Н.А.Баскаковтың «Очерк грамматики каракалпакского языка» деген мийнети 1958-жылы Москвада басылып шыққан «Каракалпакско-русский словарь» да басылып шықты (790-866 б).

Улыўма айтқанда, Н.А.Баскаков қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў ҳәм морфология тараўын изертлеўге оғада үлкен үлес қосты.

Қарақалпақ тилиниң морфологиясын изертлеўде А.Кыдырбаев үлкен хызмет иследи. Ол 1944-жылы «Ҳәзирги қарақалпақ тилинде сеплик категориясы» деген темада қарақалпақ тили бойынша биринши болып кандидатлық диссертация жақлады. Усы диссертация тийкарында ол 1961-жылы «Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги атлық сөзлер» деген китабын баспадан шығарды. Китапта атлықлардың мәнилик топарлары, грамматикалық категориялары, жасалыў усыллары көрсетилген. А.Кыдырбаевтың 1988-жылы «Қарақалпақ тил илиминиң гейпара мәселелери» (Нөкис, 1988. 72 б) деген мийнети топлам болып басылып шықты. Илимпаздың қарақалпақ тил билиминиң раўажланыўына, илимий-техникалық терминологиясына, морфология, келбетлик, алмасық, санлық, рәўиш ҳәм қоспа гәплерге байланыслы мийнетлери киргизилген.

50-жыллардың орталарынан баслап морфология тараўынан кандидатлық диссертация жумыслары жақлана баслады. 1954-жылы Д.С.Насыров «Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил ҳәм оның синтаксислик функциясы» темасында, 1955-жылы К.Убайдуллаев «Ҳәзирги қарақалпақ тилинде анықлық мейилдиң өткен мәҳәл категориясы» темасында Москвада кандидатлық диссертация жумысларын жақлап шықты. Соң олардың кандидатлық диссертация жумыслары тийкарында монографиялары басылып шықты.

1961-жылы Д.С.Насыров тәрепинен «Қарақалпақ тилинде көплик категориясы», 1964-жылы Ж.Алламуратов тәрепинен «К вопросу форм

прошедшего времени глагола изъявительного наклонения в каракалпакском языке» деген монографиялары басылып шықты.

1963-жылы Б.Қутлымуратов «Ҳәзирги қарақалпақ тилинде ҳәрекет атлары» темасында кандидатлық диссертация жақлады. Оның диссертациялық жумысы бойынша бир қанша мақалалары ҳәм монографиясы басылып шықты. Монографияда ҳәрекет аты фейиллерин жасаўшы қосымталар, ҳәрекет атларының мәнилик өзгешеликлсри, гәптеги атқаратуғын хызметлери ҳәр тәреплеме үйренилген.

70-жыллардан баслап қарақалпақ тилиндеги сөз шақаплары, гәп жасаў усыллары, грамматикалық категориялар бойынша илимий-изертлеў жумыслары жүргизилди. 1970-жылы М.Шалекенова «Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги алмасық», 1971-жылы А.Бекбергенов «Қарақалпақ тилиндеги санлықлар», сол жылы А.Нәжимов «Қарақалпақ тилиндеги жуп ҳәм тәкирар сөзлердиң жасалыў усыллары», У.Ембергенов «Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги еликлеўиш сөзлер», Р.Жапакова «Қарақалпақ тилиндеги атлықлардың сеплениўи» темаларында кандидатлық диссертация жумысларын табыслы жақлап шықты. Олардың изертлеў объекти етип алған темалары бойынша бир неше мақалалары, сондай-ак монографиялық китаплары басылып шықты. Монографияларда үйренилген мәселелер ҳәр тәреплеме, фонетикалық өзгешеликлери, лексика-семантикалық мәниси, морфологиялық айырмашылықлары ҳәм синтаксислик хызмети бойынша қарастырылған.

1974-жылы авторлар жәмәәти тәрепинен «Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология» мийнети басылып шықты. Мийнетте қарақалпақ тилиндеги дөренди сөзлердиң қурылысы, грамматикалық категориялар, сөз шақаплары, олардың өзине тән өзгешеликлери кең көлемде үйренилген.

1976-жылы Ж.Ешбаевтың «Қарақалпақ тилинде рәўиш» деген мийнети басылып шықты. Китапта рәўишлердиң лексика-семантикалық өзгешеликлери, морфологиялық белгилери ҳәм синтаксислик хызмети кең түрде қарастырылған. 1979-жылы А.Бекбергеновтың «Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы» деген мийнети жарық көрди. Онда қарақалпақ тилиндеги сөз жасаў усылларының түрлери, қоспа сөзлер, олардың өзине тән өзгешеликлери, белгилери үйренилген. Бул мийнет қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў тараўының өз алдына тараў сыпатында қаралыўында үлкен әҳмийетке ийе болды.

1981-жылы «Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология» сабақлығы басылып шықты. Сабаклық жоқары оқыў орынларының қарақалпақ тили ҳәм әдебияты қәнигелиги студентлерине мөлшерленген болып, онда сөзлердиң морфологиялық қурылысы, грамматикалық категориялар, сөз шақаплары ҳәм олардың түрлерине қысқаша түсиниклер берилген. Бул сабаклық бугинги күнде

де қарақалпақ тили ҳәм әдебияты қәнигелиги бойынша жоқары мағлыўматлы кадрларды таярлаўда хызмет етип киятыр.

1985-жылы Ә.Аймурзаева «Ҳәзирги қарақалпақ тилинде келбетлик ҳәм келбетлик фейиллердиң субстантивлесиўи» деген темада кандидатлық диссертация жақлады. Оның бул тема бойынша онға шамалас мақалалары «Хабаршысы», «Әмиўдарья» журналында, илимий мақалалар топламларында жәрияланды. Сондай-ақ оның мийнети китап болып та жәрияланды. Китапта келбетлик ҳәм келбетлик фейиллердиң субстантиалесиў жағдайлары, субстантивация қубылысының түрлери қарастырылған.

1990-жылы М.Дәўлетовтың «Ҳәзирги қарақалпақ тилинде фейилдиң функционал формаларының системасы», 1994-жылы Е.Даўлетовтың «Қарақалпақтилинде көмекши сөзлер», 1995-жылы П.Аекеевтың «Қарақалпақ тилиндеги қоспа фейиллер ҳәм олардың структүра-семантикалық түрлери» деген китаплары басылып шықты. Олар фейил ҳәм көмекши сөзлерди үйрениўде үлкен теориялық ҳәм әмелий әҳмийетке ийе болды. Сондай-ақ морфология ҳәм сөз жасалыў мәселелерине арналған бир қанша мақалалар басылып шықты. А.Бекбергеновтың жанапайлар, қарақалпақ тили морфологиялық қурылысының раўажланыўына байланыслы, М.Даўлетовтың қарақалпақ тилиндеги айрым дәнекерлер ҳаққында, А.Нәжимовтың сөз жасаў усылларына байланыслы ҳәм.т.б. мақалаларын атап өтиў орынлы.

1994-жылы қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў ҳәм морфология тараўы бойынша 1-рет академиялық илимий грамматикасы жәрияланды. Бул қарақалпақ тил билиминиң үлкен табысы болды. Онда сөз жасалыў ҳәм морфология тараўлары бир-биринен бөлек берилген.

1997-жылы М.Қудайбергенов «Қарақалпақ тилиндеги атлықларда анықлылық ҳәм анықсызлықтың аңлатылыўы», А.Оразымбетов «Қарақалпақ тилинде сан мәнисиниң аңлатылыўы» темаларында кандидатлық диссертация жумысларын жақлады. Олардың айрым мақалалары журнал бетлеринде жәрияланды. Сондай-ақ бүгинги күнде қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў ҳәм морфология мәселелери бойынша илимий изертлеў жумысларын жүргизип атырған жас илимпазлар бар. Олардан Т.Абдимуратов адвербиализация қубылысы бойынша, М.Ембергенова сеплик формаларының синонимиясы бойынша, Г.Паггуллаева тартым мәнисиниң аңлатылыў усыллары бойынша хәм.т.б.

Соның менен бирге қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў ҳәм морфология тараўында еле арнаўлы изертлеў объекти болмаған көп мәселелер бар. Мәселен, келбетликлердиң мәнилик өзгешеликлери, дәреже категориясы, фейиллердиң мәнилери, оның фонетикалық категориялары, сөз жасаў усыллары ҳәм т.б. изертлеў бүгинги күнде оғада актуал мәселелердиң бири.